



YON VWAYAJ NAN TAN KARÈM *avèk* SEN JOSEPH POU TIMOUNN YO

MÈKREDI

17 Mèkredi
dè Sann

Resewwa sann nan Lamès oswa patisipe nan Lamès lan nan televizyon.

Jèn pou moun nan laj 18 rive 59 se yon sèl gwo repa oswa 2 ti repa

JEDI

18

Kontinye fè Jèn e ou kab tou fè ti sakrifis nan koupe kèk distraksyon:

Televizyon, telefòn, intènèt, Sirèt, Bonbon etc....

VANDREDI

19

Visite malad yo ak sa ki nan pwizon yo:

Fè yon kat pou yon prèt retirete nan rezidans Regina Cleri 60 William Cardinal O'Connell Way, Boston MA 02114.

Moun 14+ lanne Pa Dwe manje vyann

SAMDI

20

Konseye sa ki nan dout yo:

Reflechi sou kèk kesyon oswa dout ke ou gen sou Jezi epi ofri yo bay Bondye nan lapriye, mande-L pou-L montre-ou verite-L yo.

DIMANCH

LENDI

MADI

21

Montre e di moun nan antouraj ou kijan ou aprezye prezans yo bò kote-w.

22

Konsole sila yo ki gen chagwen:

Konsole moun ki tris, ki poukont li: Rele-l nan telefòn oswa voye yon ti mesaj rekonfòtan pou li.

23

Sa ki pagen kay bayo kote pou yo rete:

Priye pou moun ki pa gen kay pou jwenn lojman, kap viv nan laperèz pou jwenn sekirite.

24

Fè lacharite:

Bay yon òganizasyon kap fè charite oswa mande paran / gadyen-ou si ou kab travay pou touche lajan pou bay pou moun ki nan bezwen.

25

Li Beatitid yo epi mande Bondye pou-L ede ou viv yo.

[Matye 5: 1-12](#)

26

Patisipe lan Chimen Kwa nan pawas ou, sou entènèt, oswa ou kab itilize yon sous tankou [sa a](#).

Moun 14+ lanne Pa Dwe manje vyann

27

Antere mò yo:

Reflechi sou moun nan fanmi ou ki mouri epi priye pou nanm yo: «O Granmèt, bayo repo etènèl, epi kite limyè etènèl Ou-a klere sou yo. Se pou nanm fidèl Bondye yo ki pati, gras a mizèrikòd Bondye, repoze an pè. Amèn.»

28

Sipòte avèk pasyans soufwans yo:

Di yon Priyè pou moun ou konnen ki pa-t janm toujou aji byen anvè-w.

1 MAS

Pwye pou vivan yo ak mò yo:

Di yon priyè pou Sè ak Frè relijyez yo, ki vivan oswa mouri, ki te konsakre lavi yo bay Jezi.

2

Fè yon bagay janti oswa itil pou yon moun nan fanmi ou.

3

Bay sa ki gwangou manje:

Eseye bwè dlo sèlman jodi-a an solidarite ak moun ki souvan swaf.

4

Pataje jwèt ou oswa sa ou genyen plis san gad dèyè.

5

Habye moun ki toutouni yo:

Kolekte atik rad ke ou pa mete ankò epi ba yo nan biro charite ki pi pre-a.

Moun 14+ lanne Pa Dwe manje vyann

6

Li tantasyon Jezi-a nan dezè-a epi reflechi sou tout lè ou te tante tou. Di Bondye mèsè pou ede /li tee de-w nan moman sa yo.

[Matye 4: 1-11](#)

7

Konseye sa ki nan dout yo:

Di yon «Je vous Salue Marie» pou moun ou panse ki bezwen lapè Bondye nan kè yo.

8

Enstwi sa ki pa konnen yo:

Pataje Pawòl Bondye-a avèk kèk moun.

9

Eseye fè plis sakrifis.

10

Visite malad yo ak sa ki nan pwizon yo:

Rele nan telefòn ou fanmy oubyen yon zanmi ki malad.

11

Pale mouins nan telefòn. Al nan odinatè mouins (Medya Sosyal yo).

12

Pwye pou vivan yo ak mò yo:

Priye pou vivan yo ak moun ki mouri yo: Priye lapriye «Papa nou-an» pou timoun sa yo ki pèdi paran (yo).

Moun 14+ lanne Pa Dwe manje vyann

13

Sipòte avèk pasyans soufwans yo:

Fè yon bon/bèl bagay pou yon moun ki pa te fè-w ditò.

DIMANCH

LENDI

MADI

MÈKREDI

JEDI

VANDREDI

SAMDI

14

Dimanch Laetare

Avèti pechè ya:

Priye pou moun k-ap pèsekite lòt moun paske yo sanble «diferan» ak yo.

15

Volontèman padone ofans yo:

Di: «Mwen padonnen-w» ak nenpòt moun ki fè-w fache jodia.

16

Chache yon fason pou di yon bon bagay a yon moun nan fanmi ou., nan travay ou oswa nan lekòl ou pou fè kè-l kontan.

17

Fèt St. Patrik

St Patrick se Sen Patwon nan Acheveche-a.

Si ou kapab, al li sou lavi-l.

[Men yon sous.](#)

18

Bay sa ki gwangou manje:

Rasanble kèk maje ki pa perisab oswa machandiz nan bwat epi bay yo nan yon kote kap ede pov oswa nan legliz ou a.

19

Fèt St. Jozèf

Di yon priyè Sen Jozèf pou papa yo.

Ou kab jwenn kèk priyè [nan sous sa.](#)

Pa gen Jèn jodia akòz Fèt chanpèt St Joseph.

20

Sa ki pagen kay bayo kote pou yo rete:

Dòmi atè aswè-a pou moun ki pa gen kabann pou yo dòmi lèswa.

21

Fè lacharite:

Mande paran ou / gadyen ou pou yo pa achte ti bagay dous ou pi renmen semèn sa-a epi bay lajan-an nan charite ki pi pre-w la. Ou kab fè-l poukont ou tou.

22

Ede fè lesiv ak menaj nan kay-la.

Netwaye chanm ou.

23

Konsole sila yo ki gen chagwen:

Si ou wè yon moun chita pou kont li nan lekòl la, travay ofri li yon souri epi envite li jwenn ou.

24

Priye yon dizèn chaplè nan fanmi-w.

[Sous pou timou.](#)

[Sous pou granmoun.](#)

25

Fèt St. Dismas

Nan lapriyè, mande St. Dismas, Bon Laron sou kwa-a pou-l priye pou tout prizonye.

Sous pi li sa Laron sa-a te di nan [Lc 23: 39-43.](#)

26

Enstwi sa ki pa konnen yo:

Jezi mande, «Ki moun ou di ke mwen ye?» Fè tou tab la pou chak moun kab dekri Jezi nan louwanj – Y-ap di Jezi se... (sètadi: kè kontan, zanmi-m, Sovè-m, etc...)

Faça jejum de carne (14+)

27

Antere mò yo:

Vizite kavo yon moun ki te mouri epi di yon «Je vous Salue Marie.»

28

Dimanch Ramo

Sipòte avèk pasyans soufwans yo:

Pratike pasyans jodi-a lè ou santi-w fache.

29

Avèti pechè ya:

Diskite sou sa peche ye. Priye Egzanp: «Jezikri, Pitit Bondye vivan an, gen pitye pou mwen, yon pechè.»

30

Ede yon moun nan fanmi nan yon korve.

31

Volontèman padone ofans yo:

Di Lapriyè Padon pou nou tout ki fè peche - «Bondye, mwen kwè, mwen adore, mwen espere, e mwen renmen-W! Mwen mande-W padon pou moun ki pa kwè, ki pa adore, ki pa espere e ki pa.»

Al konfese pou Triduum nan.

1 AVRIL

Jedi Sen

Ale nan Lames oswa patisipe nan televizyon. Si sa yo pa posib, li [Jn 13: 1-20](#) epi diskite sou sa ki te pase.

2

Vendredi Sen

Patisipe nan venerasyon Kwa a nan legliz ou oswa fè estasyon Lakwa yo lakay ou.(Sous 26 Frvrye-a).

Jèn pou moun nan laj 18 rive 59 se yon sèl gwo repa oswa 2 ti repa

Moun 14+ lanne Pa Dwe manje vyann

3

Samdi Dlo Benit

Pawas ou oswa nan televizyon.

4

Pak



YON VWAYAJ NAN TAN KARÈM AVÈK SEN JOSEPH POU TIMOUNN YO

Ane sa a, Pap François batize Ane a ak Sen-Joseph, se okazyon pou ou reflechi sou la vi ak temwayaj gwan sen patwon tout papa yo. Nap antwe egaleman nan tan Kawèm tou, yon moman kote nou ap reflechi solanèlman sou lavi, pasyon e ak lanmò Jezi epi tou nap pwatike anpil zèv renmen san kondisyon nan konsa nou pwoche pi pwe Jezi ak kè sakwe li. Panda ke nou ap mache ansanb nan tan sakwe sa a nan sakwifis, an nou anbwase chemen senp sen Joseph yo, ki te yon devwe mari pou Byenerèz Manman Mari ak papa sou la tè pou pitit yo a, Jezi-Kwist, Redanmtè a.

Byen ke nou pa tande pale anpil de sen Joseph nan la Bib, nou konnen obeysans li a Bondye ak fidelite li nan fanmi li fè de sen Joseph yon exzanp vital nan lafwa, esperans ak nan remen san kondisyon. An nou envite sen Joseph pou mache avèk nou pandan tan Karèm nan pandan nap anbwase zak mizerikòd yo nan lespwi ak kò nou. (CEC 2447) Mande sen Joseph pou apwan nou, tankou li te anseye Jezi a, pou obey Bondye Papa a epi tou anbwase tout moun avèk konpasyon ak mizerikòd.

Antan ke paran ou pwofesè, chèche gide ti moun nou (an) (yo) a twavè vwayaj Karèm sa a. Chak jou genyen yon ofwand an paròl ou an aksyon. Si ou panse ke youn nan sijestyon sa yo pa reyalyab, ranplase li pa youn nan pa ou yo. Kado pa sa ou bay ou lajan kabap rete akote e ou kapab bay tout yon sèl fwa nan finisman Karèm nan nan fason li pi bon pou ou. Refewans, zèv mizerikòd yo espirityèl ak kò men yo:

ZÈV YO ESPIRITYÈL AK MIZERIKÒ

1. **Avèti pechè ya: Jacques 5: 19-20** - «Frè m' yo, si yonn nan nou pèdi chemen laverite a, epi yon lòt frè mennen l' tounen ankò, konnen sa byen: lè yon moun pèdi chemen l' poutèt peche li yo, si yon lòt mennen l' tounen, se yon nanm li rache anba lanmò. Anmenmtan, li jwenn padon pou anpil peche.»
2. **Enstwi sa ki pa konnen yo: Matye 16: 15-16** - «Li di yo: Bon, nou menm, ki moun nou di mwen ye? Simon Pyè reponn: Ou se Kris la, Pitit Bondye vivan an.»
3. **Konseye sa ki nan dout yo: Jan 14:27** - «M'ap ban nou kè poze. M'ap fè kè nou poze nan jan pa mwen. Mwen p'ap fè li pou nou jan sa fèt dapre prensip ki nan lemonn. Pa kite anyen toumante tèt nou, nou pa bezwen pè.»
4. **Konsole sila yo ki gen chagwen: Matye 11:28** - «Vini jwenn mwen, nou tout ki bouke, nou tout ki anba chay, m'a soulaje nou.»
5. **Sipòte avèk pasyans soufwans yo: Lik 6: 27-28** - «Nou menm k'ap koute m' la a, men sa m'ap di nou: renmen tout lènmi nou yo. Fè byen pou moun ki rayi nou.»
6. **Volontèman padone ofans yo: Matye 6:14** - «Si nou padonnen moun lè yo fè nou mal, Papa nou ki nan syèl la va padonnen nou tou.»
7. **Pwye pou vivan yo ak mò yo: Efezyen 6:18** - «Pandan n'ap fè tou sa, pa janm bliye lapriyè. Mande Bondye konkou li. Lapriyè nan tout sikonstans avèk pouvwa Sentespri a. Se poutèt sa, pa kite dòmi pran nou, kenbe fèm nan sa n'ap fè a. Lapriyè pou tout pèp Bondye a.»

ZÈV MISERIKÒD AK KÒ A

1. **Bay sa ki gwangou manje: Matye 25:35** - «Mwen te grangou, nou ban m' manje; mwen te swaf dlo, nou ban m' bwè. Mwen te lwen peyi m', nou te resevwa m' lakay nou.»
2. **Habye moun ki toutouni yo: Matye 25:36** - «Mwen te toutouni, nou te ban m' rad. Mwen te malad, nou pran swen m'; mwen te nan prizon, nou vin wè mwen.»
3. **Sa ki pagen kay bayo kote pou yo rete: Matye 25:35** - «Mwen te grangou, nou ban m' manje; mwen te swaf dlo, nou ban m' bwè. Mwen te lwen peyi m', nou te resevwa m' lakay nou.»
4. **Visite malad yo ak sa ki nan pwizon yo: Matye 25:36** - «Mwen te toutouni, nou te ban m' rad. Mwen te malad, nou pran swen m'; mwen te nan prizon, nou vin wè mwen.»
5. **Antere mò yo: Tobi 1:17** - «Map bay pain mwen ak sa ki gwangou avèk rad a sa ki toutouni. Si mwen ta wè yon moun ki ta mouri eke yo jete li dèyè mi Niniv la, ma'p antere li.»
6. **Fè lacharite: Pwovèb 19:17** - «Lè ou bay pòv lacharite, se Bondye ou prete. Se li menm ki va renmèt ou sa.»

YON VWAYAJ NAN TAN KARÈM AVÈK SEN JOSEPH POU TIMOUNN YO

Kote deyò ou kab bay manje, rad, oswa lajan lè li nan legliz ou-a:

Catholic Charities - <https://www.ccab.org/>

St. Francis House day shelter in Boston - <https://stfrancishouse.org/>

Pregnancy Help Boston - <https://www.pregnancyhelpboston.org/>

St. Vincent de Paul in your local community - <https://ssvpusa.org>

My Brother's Keeper shelter on the South Shore - <https://mybrotherskeeper.org/>

Friends of the Unborn home for homeless pregnant women in Quincy - <https://www.friendsoftheunborn.org/>

Pine Street Inn shelter in Boston - <https://www.pinestreetinn.org/>

Greater Boston Food Bank - <https://www.gbfb.org/>

New England Home and Center for Veterans (monetary donations only at this time) - <https://www.nechv.org/give-nechv/ways-of-giving/>

Salvation Army drop off center locator - <https://satruck.org/DropOff>